

# Gid sou rezime

The Resume Guide

## Konpayi travay nan Massachusetts

Bay konsèy, tiyo ak sijasyon pou Rezime desizif ak lèt ki akonpaye



[www.mass.gov/dcs](http://www.mass.gov/dcs)

## Gid sou rezime

Gid sou rezime a tabli pa Divizyon pou sèvis karyè a [Division of Career Services – DCS] ak èd plis pase 50 konpayi travay nan Massachusetts. Konpayi travay atravè leta a te entèvyouve pou aprann konnen ki preferans yo genyen sou sa ki ekri nan ak estil rezime yo. Repons yo montre ke konpayi travay yo konsidere rezime yo yon lòt fason pase jan yo te konsidere yo anvan.

Nou ta renmen remèsye konpayi travay yo ki ede nou nan pwojè sa a. Nou apresye tou tout efè anpil administratè DCS yo ak anplwaye andeyò yo nan devlopman, revizyon ak pwodiksyon gid sou rezime sa a. Nou remèsye yo tout pou devouman ak responsabilite yo nan livrezon sèvis aplikan yo atravè Commonwealth Massachusetts la.

Gid sa a prezante lide jeneral sou kijan konpayi travay yo egzamine rezime yo epi kisa konpayi travay ap chèche jodiya nan yon rezime. Gid sa a gen de objektif :

1. Pou anplwaye DCS ak Sant Karyè (Career Center) ilitize li pou enfòmasyon ajou sou rezime.
2. Pou kliyan DCS ak Sant karyè itilize li pou yo fè nouvo rezime oubyen pou aksentye yon rezime yo gen deja.

### Yon konsèy pou moun kap chèche travay

Lè ou reponn yon anons pou travay, gen anpil chanse pou rezime ou an ale nan yon pil ak mil lòt rezime. Ogmantasyon nan kantite rezime konpayi resevwa fòse konpayi travay yo re-òganize metòd yo itilize nan pwosede egzaminasyon an. Gid sa a prezante kesyon yon moun kap chèche travay gen pou li konsidere pou li ka ekri yon rezime ki efektiv. Sonje ke objektif rezime a se pou yo rele w pou yon entèvyou. Yon rezime efikas fè konpayi travay la pleze ki vle li rezime ou an ale pil moun pou rele pou yon entèvyou. Gid sa a prezante konsèy konpayi travay yo ofri. Li fasil pou li, li pratik epi enfòmasyon yo klè.

#### Gid sa a ap ede ou devlope yon rezime ki :

- ✓ Konsantre sou sa ou akonpli
- ✓ Prezante sa ou bon landan li
- ✓ Gen yon fòm ki bon
- ✓ Prezante sikonstans espesyal
- ✓ Anjandre epi aksantye agiman konvenkan ou yo

One-Stop Career Centers la ofri anpil sèvis ki gen pou wè ak devlopman rezime ansanm ak semènè sou kijan pou ekri yon rezime ak konpitè pou tape rezime ou an. Pou plis enfòmasyon, pale ak espesyalis travay ou an oubyen ale nan biwo resepsyon Sant karyè a ki nan katye lakay ou a.

## Lide jeneral gid sou rezime sa a

|  |  |    |
|--|--|----|
| <b>Chapit 1</b>  | Kijan pou ekri yon rezime efikas .....                         | 4  |
| <b>Kisa yo rele rezime efikas ?</b>                        | Kijan pou fè yon bon enpresyon premye fwa .....                | 4  |
|  | Kote pou kòmanse .....   | 5  |
| <b>Chapit 2</b>  | Kijan pou fè premye pa .....                                   | 6  |
| <b>Konsèy Massachusetts ofri Konpayi travay</b>            | Voye rezime ou an bonè .....                                   | 6  |
|  | Èske ou gen pou pase akote resous imèn lan ? .....             | 6  |
|  | Konsèy ak karakteristik sou kijan pou nètwork .....            | 7  |
| <b>Chapit 3</b>  | Kòmanse reflechi tankou yon konpayi travay .....               | 8  |
| <b>Kijan pou ekri rezime ou an</b>                         | Evalye tèt ou : Defini pwodwi maketin lan .....                | 9  |
|  | Plis pisans nan ekspètiz ou yo .....                           | 9  |
|  | Chwazi yon fòm pou rezime .....                                | 15 |
|  | Fraz objektif ak fraz somè .....                               | 15 |
|  | Fòm kwonolojik .....   | 16 |
|  | Fòm fonsyonèl .....  | 17 |
|  | Fòm konbinezon .....   | 18 |
| <b>Chapit 4</b>  | Chanje karyè .....   | 21 |
| <b>Sitiyasyon espesyal</b>                                 | Kijan pou chèche yon travay nan yon lòt endistri diferan ..... | 21 |
|  | Twou nan eksperyans travay .....                               | 22 |
|  | Pase nan yon travay a yon lòt .....                            | 23 |
|  | Anplwaye ki pi aje .....                                       | 23 |
|  | Diplome nan kolèj .....  | 24 |
|  | Travay pandan sezon eta / mwaye tan / jenès .....              | 24 |
|  | Eksperyans nan lame .....                                      | 24 |
|  | Moun ki rete lakay pou elve pitit .....                        | 25 |
|  | Nan prizon .....   | 25 |
|  | Pwoblèm fizik .....  | 25 |
|  | Travay pou tèt pa .....  | 25 |
| <b>Chapit 5</b>  | 10 erè pi òdinè yo.....  | 32 |
| <b>Konsèy itili sou kijan pou amelyore nan rezime ou a</b> | Kisa pou pa mete nan rezime ou a .....                         | 33 |
|  | Kritik yon konpayi travay .....                                | 34 |
|  | Aparans ak prezantasyon .....                                  | 35 |
|  | Konsèy sou koreksyon .....                                     | 35 |
| <b>Chapit 6</b>  | Prezantasyon jeneral .....                                     | 36 |
| <b>Lèt ki akonpaye ki desizif</b>                          | Konsèy yon konpayi travay .....                                | 36 |
|  | Lèt difizyon jeneral .....                                     | 37 |
|  | Atachman egzekitif .....                                       | 37 |

## Kisa yo rele rezime efikas ?

### Kijan pou ekri yon rezime efikas

Konpayi travay ki kontribye nan gid sa a reprezante gwo konpayi ak ti konpayi nan diferan kalite endistri nan tout leta a. Pi plis konpayi travay ou eksplike ke yo jete yon kout je sou rezime yo epi yo sèlman apresye rezime ki fasil pou li. Yon rezime efikas prezante lide jeneral sou kalifikasyon konpayi travay la ap chèche epi li fasil pou konpayi travay la jwenn kalifikasyon sa yo sou li. Yon rezime gen pou li byen prezante bay moun kap li rezime a san li pa difisil menm, tou ekspètiz, eksperyans ak sa ou akonpli yo. Konpayi travay la ap chèche yon moun ki koresponn ak kalifikasyon ak ekspètiz nesèsè pou fè travay la ak eksperyans ou yo. Yon rezime efikas ogmante enterè konpayi travay la pou li ka rele ou pou yon entèvyou. Yon rezime ka ba ou yon entèvyou, men oumenm sèl ki ka jwenn travay la. Rezime yo se premye etap la. Pwobabilite a pou yo ofri ou yon travay depann de entèvyou ou an ak konpayi travay la epi ak jan ou montre kijan ekspètiz ou yo enpòtan pou konpayi a.

**Pwennvi konpayi travay la...**“Mwen pa gen anpil tan. Òdinèman, mwen jete yon ti kou dèy pandan 10 a 30 segonn sou dènye travay ou te genyen, pozisyon ou yo ak pou ki konpayi ou te travay. Eseye kenbe rezime a sou yon paj, make travay ou te genyen kòmanse ak dènye a rive nan pi ansyen an, pa ban mwen travay ou te fè lontan ki pa gen anyen pou wè ak sa wap fè kounye la.”

David Roemer, Human Resource Manager, Strawberries Records, Inc.

### Kijan pou fè yon bon enpresyon premye fwa

Rezime efikas gen karakteristik sa yo :

- ✓ Fraz pwisan sou sa ou akonpli, pa sèlman lis responsabilite ak fonksyon travay ou yo.
- ✓ Pi gwo ekspètiz ak kalifikasyon ou yo ekri nan premye mwatye rezime a.
- ✓ Tit pozisyon ak travay ki enpòtan (karaktè gra oubyen souliyen).
- ✓ Ekspètiz ak kalifikasyon ki enpòtan pou pozisyon sa a. Chak rezime gen pou li adapte a travay wap aplike pou li a. (Rezime jenerik pa efikas.)
- ✓ Make pi enpòtan karakteristik la anvan. (Lekòl, yo aprann nou jan pou ekri yon istwa enteresan se pou make bagay pi enpòtan yo anvan pou byen motive moun kap fè lekti a. Se menm règ la pou rezime yo.)
- ✓ Yon fòm ki pwòp epi pwofesyonèl. San fot òtograf ak fot gramè.

## Kote pou kòmanse

Pi ba la a gen yon lis konsèy itil sou kijan pou kòmanse :

- ✓ Ale nan seminè sou rezime a ki ofri nan One-Stop Career Center pi pre lakay ou a.
- ✓ Chèche liv yo gen koulye a sou kijan pou chèche yon travay.
- ✓ Chèche konsèy nan men espesyalis travay ak/oswa konseye travay la nan One-Stop Career Center la.

**Pwennvi konpayi travay la...** . “Sonje ke, si ou ekri rezime ou a oumenm, lap pi byen prezante w. Lap di sa oumenmou vle di. Wap pi byen okouran ak sa ki ladan li.”

Glenn C. Woodbury, Espesyalis prensipal nan resous imèn,  
Boston Edison Company

Kòmanse pa mande tèt ou kèk kesyon sou abitud travay ou, kote ou ta renmen ale, epi kisa ou gen pou ofri. Men kèk kesyon pou kòmanse :

- Ki kalite travay mwen vle ?
- Nan ki endistri mwen ta renmen travay ?
- Ki ekspètiz mwen bezwen pou mwen jwenn travay mwen vle a ?

Pou reponn kesyon ki anlè yo, li nesesè pou fè rechèch sou endistri yo ak konpayi travay yo. Fò ou byen konprann moun kap resevwa rezime a pou fè bon maketin ekspètiz ou yo. Rechèch sou konpayi travay la se yo benefis paske plis ou gen enfòmasyon sou konpayi a plis ou ka aksantye karakteristik sou oumenm ke konpayi travay sa a ap renmen. Si ou reyisi fè sa nan reziman ou an, wap gen pi gwop chans gen yon entèvyou. Pou plis enfòmasyon sou konpayi travay kap fè rechèch, ale nan seminè nètwork la ki ofri nan One-Stop Career Center nan katye lakay ou a.

Konpayi travay toujou bezwen konnen plis sou moun ki dèyè rezime a. Konpayi travay ap chèche ekspètiz presi epi site talan pou kominike epi antann ak lòt moun se karakteristik ki enpòtan. Se sa ki te mansyonnen pi plis pa manadjè kap chèche angaje moun nan ti konpayi ak konpayi kap grandi epi pa manadjè pou ekip kap devlope pwodwi. Ou ka prezante ekspètiz sa yo nan rezime ou an si ou mete yon fraz sou sa ou akonpli oubyen ou ka enkòpore yo nan lèt ki akonpay a.

## Konsèy konpayi travay nan Massachusetts ofri

### Kijan pou fè premye pa

Depistaj fèt an jeneral nan departman resous imèn lan oubyen nan departman pèsònèl konpayi a. Konpayi travay itilize prèske menm estrateji pandan premye seksyon depistaj la. Yo gade rezime ou an pandan 9 a 30 segonn. Pandan pwosede sa a, yo konpare kalifikasyon ou yo ki make sou rezime ou a ak kalifikasyon ki make sou anons pou pozisyon travay la. Pi presizeman, konpayi travay la ap gade kijan kalifikasyon ou yo koresponn ak kalifikasyon yo ki make pou pozisyon travay la. Konpayi a gade tou abitud travay ou ki pou gen dat ak pozisyon ou te genyen. Kèk konpayi travay gade tou nan lè sa a lèt ki akonpaye yo (Gade nan chapit 6 sou lèt ki akonpaye nan paj 36).

Rezime ki pase premye depistaj sa a ale nan sipèvizè departman pozisyon travay la pou yon lòt revizyon. Pafwa yo rele moun kap fè aplikasyon an nan telefòn pou yon randevou anvan yo voye rezime yo pou revizyon nan departman an. Tou premyèman, yo fè apèl telefonik lan pou tcheke ki montan salè moun lan bezwen epi pou reponn nenpòt kesyon ki pa eksplike nan rezime a.

**Pwennvi konpayi travay la...** . . "Nan endistri swen medikal la, fò nou estrik sou kalifikasyon ki ekri nan anons pou pozisyon travay la. Si anons lan di fò gen senk ane eksperyans, oubyen si li nesèsè pou gen yon diplòm, nou pa ka fè eksepsyon. An jeneral mwen gade dat travay ak edikasyon anvan tout lòt bagay."

Nancy Jolicoeur, Direktè sèvis imèn,  
Milford Regional Hospital

### Voye rezime ou an bonè

Voye rezime ou an pi vit posib yon fwa ou li oubyen tande pale de yon pozisyon travay. Òdinèman, manadjè nan resous imèn gen presyon pou yo fè rekòmandasyon pou kilès pou entèvyouve. Paske konpayi travay yo resevwa gwo kantite rezime apre yo anons yon pozisyon travay ki disponib, yo gen plis chans pou yo chwazi dis pi bon rezime yo pami san rezime pase pou yo tann de semèn pou chwazi pi bon dis rezime yo nan dènye santèn lan.

### Èske ou gen pou pase akote resous imèn lan ?

Estatistik ayè montre pi plis nan moun kap chèche travay jwenn travay atravè moun yo konnen. Si ou gen yon kontak nan yon òganizasyon, sèvi ak li. **Men voye rezime ou an tou bay chèg departman resous imèn lan.** Anpil manadjè resous imèn plenyen de moun kap chèche travay ki pa pase nan departman yo. Anplis, manadjè resous imèn yo ka okouran de lòt opòtinite nan konpayi an oubyen ka okouran de yon pozisyon kap disponib pi devan.

### Konsèy ak karakteristik sou kijan pou nètwork

Gen konpayi resevwa apeprè 50% nan moun yo angaje nan referans moun nan konpayi a fè. Anpil konpayi pito entèvyouve moun ki te rekòmande pa moun andedan konpayi a, kifè yo ankouraje anplwaye yo fè rekòmandasyon. Yo rekonpanse anplwaye ki fè rekòmandasyon si yo angaje moun ki te rekòmande a. Angaje moun atravè anplwaye ki la deja koute mwen chè pase salè koute nan reklam. Anplis, anplwaye yo an jeneral rekòmande sèlman moun yo panse ap gen yon reprezantasyon pozitif sou yomenm, alò, kalite kandida a enpòtan nan rekritman entèn. Aplikan an gen yon avantaj pou li fè yon bon prezantasyon paske li gen opòtinite aprann detay sou konpayi a atravè kontak li.

### Frape nan bon pòt yo

### Piramid sou nètworkin



Si ou enterese aprann plis sou kijan pou fè oubyen agrandi nètwork rechèch travay ou an, ale nan yon seminè sou nètworkin nan One-Stop Career Center bò lakay ou a.

## Kijan pou ekri rezime ou an

### Kòmanse reflechi tank-ou yon konpayi travay

Antan ke yon moun kap chèche travay, wap reyisi si ou pran wòl yon moun kap vann yon bagay. Pozisyon ou se pou konnen pi plis posib sou pwodwi wap vann lan (ekspètiz ak aptitud ou yo) ak nan ki seksyon wap eseye antre (prezisyon sou endistri ak konpayi travay). Sa vle di devlopman yon estrateji maketing. Pou fè sa, kòmanse ak yon evalyasyon tèt ou. Fò ou ka idantifye kisa ou gen pou ofri epi prezante li bay konpayi travay yo. Yon fwa ou idantifye ekspètiz, aptitud, ak sa ou akonpli, fò ou idantifye endistri ki enterese ou epi konsantre sou konpayi travay nan endistri sa yo.

### Egzanp →

|                        |                          |                        |                         |
|------------------------|--------------------------|------------------------|-------------------------|
| <b>Indistri:</b>       | Electrical               | <b>Indistri:</b>       | Teknik                  |
| <b>Pozisyon:</b>       | Moun ki asanble bagay    | <b>Pozisyon:</b>       | Moun ki asanble bagay   |
| <b>Konpayi travay:</b> | ABC Company Profit Corp. | <b>Konpayi travay:</b> | Bopre & Sons Tools Inc. |

Rezime ki pèsonealize pou endistri, konpayi travay, ak pou anons travay byen presi se rezime ki pi efikas. Si ou fè adaptasyon rezime ak lèt ki akonpaye a pou yon konpayi an patikilye epi yon pozisyon travay an patikilye, foma ak langaj ou chwazi a gen pou li adapte pou li koresponn ak sa konpayi travay la ap chèche. Konpayi travay ak gen plis chans pou yo rele ou pou yon entèvyou si rezime ou an gen yon langaj yo konnen epi si li gen kalifikasyon yap chèche yomenm. Ou ka fè sa si ou prete anpil atansyon a ajektif ak fraz (mo enpòtan) ki itilize nan afich epi anons pou pozisyon travay la.

Adaptasyon rezime ou an kite ou fè yon pi bon prezantasyon sou ekspètiz ou yo, kalifikasyon ou yo, ak sou tout sa ou akonpli si ou chwazi eksperyans travay ki enpòtan pou konpayi travay la kap li rezime ou a. Yon konpayi travay kap li yon rezime ki adapte a endistri / konpayi / pozisyon li an santi konfòtab ak rezime ak epi ak moun ki voye rezime a paske li sanble a epi li li menm jan ak moun kap travay kounye la nan konpayi a.

**Pwennvi konpayi travay la... .** "Nan biznis nou, nou gade rezime a pou bagay sa yo nan lòd sa a : eksperyans enpòtan ak edikasyon, verite nan piblisite, ak kalite pèsone (jis nan sèten pwen kote nou kapab fè sa nan rezime a), tankou konpetans, matirite, antousyasm, atitud pozitif, ak atitud amikal. "

Dr. Jerrold Shapiro, Manadjè pwogram optalmoloji,  
Candella Laser Corporation



### **Evalye tèt ou : Defini pwodwi maketin lan**

Seksyon sa a ap ede w kòmanse pwosede pou idantifye ekspètiz ak abilite ou ou pral itilize nan maketin pou konpayi travay yo. Apre ou fini etap evalyasyon pèsònèl sa a, wap gen ase enfòmasyon pou mete nan fòm rezime ou chwazi a.

Pwosede evalyasyon pèsònèl la tabli pou ede ou idantifye ekspètiz, aptitud, ak sa ou akonpli. Wap fè yon revizyon konplè sou tout eksperyans ou yo yon fwa yo make travay ou te fè, ou idantifye sa ou akonpli, epi ou defini ekspètiz ou yo.

**1.** Make kote ou te travay, eksperyans nan lame, ek tout travay volontè ou fè. Pa bliye non ak adrès chak òganizasyon epi dat ou te kòmanse epi dat ou te fini, ak ki pozisyon ou te genyen.

Si ou te travay pou menm konpayi a epi ou te gen plis pase yon pozisyon, li pa nesèsè pou repete etap sa a pou chak pozisyon.

**2.** Prezante responsabilite ak fonksyon ou yo si ou ekri pi gwo responsabilite ou yo epi kisa ou te fè pandan ou te landan li. Konsidere ekspètiz ou te ilize, koneksans ou te bezwen, ekipman ou te itilize, elatriye. Ekri pi gwo misyon, pwojè ak bagay ou akonpli.

### **Plis pisans nan ekspètiz ou yo**

Gen de kalite ekspètiz yon konpayi travay ak chèche : ekspètiz prezante ak ekspètiz kache. Ekspètiz prezante se ekspètiz ki jeneralman ekri an yon rezime, tankou langaj konpitè, tretman tèks, ane nan administrasyon ak zouti ki itilize. Ekspètiz kache se ekspètiz yo ki transmèt kòm rezilta nan sa ou akonpli. Egzanp nan ekspètiz sa yo se ekspètiz kominikasyon ak ekspètiz mam relasyon ak lòt moun. Pou ka efikas, ekspètiz kache gen pou yon lye nan fraz sou sa ou akonpli. Miyò mwayen pou pi byen fè maketin ekspètiz pisan ak ekspètiz kache ou yo se nan devlòpman fraz efikas sou sa ou akonpli.

Ekri fraz sou sa ou akonpli ka fè moun yo panse ke yap vante tèt yo. Toufwa, ekri yo ka efikas san yo pa pouse konpayi travay yo paske wap vante tèt ou. Konpayi travay renmen wè ekspètiz ak eksperyans alekri nan yon fason dirèk, san okenn egzajerasyon. Li enpòtan pou chwazi fraz sou sa ou akonpli ki enpòtan pou pozisyon ou vle a. Adapte fraz sou sa ou akonpli yo pou yo koresponn ak kalifikasyon konpayi travay la vle. Chak moun ki te gen yon pozisyon travay, swa peye oswa volontè, gen bagay li akonpli. Menm si responsabilite yo se bagay ki repete oubyen woutin, se bagay ou te kan menm akonpli.

Itilize egzanp byen prezi lè wap dekri ekspètiz ou yo -- ekspètiz ki espesyalite w epi ki fè ou fyè. Si ou fè sa, ou montre ou gen konfidans epi ke ou gen motivasyon.

Travay volontè ka itilize, lè sa nesèsè, sou yon rezime. Li enpòtan pou sonje ke travay la gen pou li koresponn ak travay ki enterese w lan. Fè atansyon pou devlope fraz sou sa ou akonpli ki reprezante ekspètiz ak kalifikasyon ou yo. Nan lèt ki akonpaye a ou ka di ke se yon travay volontè oubyen ou ka ekri li sou rezime a si ou mete travay volontè a ant parantèz, touswit apre non konpayi travay la.

Si travay volontè ak travay sèvis kominote ou an jeneral, fè atansyon pou mete limit pwojè a, responsablite ou yo, ekspètiz ou itilize yo pou rive fè pwojè a epi rive nan rezilta a. Make eksperyans lan nan fòm kwonolojik. An jeneral li pa yon bon lide pou make òganizasyon politik ak relijye nan yon rezime sofsi wap aplike pou yon travay nan zòn sa a.

Pa bliye make « ekspètiz kache » ou te itilize. Pa egzanp, fidelite, nivo enèji ak ponktyalite. Ou ka mete yon fraz sou motivasyon pèsònèl oubyen yon fraz sou anv travay nan lèt ki akonpaye a. Toutfwa, prezante yon ekspètiz kache pi efikas lè yo lye ak fraz sou sa ou akonpli.

Gen la kèk kesyon ki ka ede ou devlope fraz efikas sou sa ou akonpli.

- Èske ou entwodwi yon nouvo sistèm ? Pwosede ?
- Kijan ou ede òganizasyon an ekonomize lajan ?
- Èske ou ogmante pwodiksyon ? Amelyore moral ? Nan ki kantite ?
- Èske ou devlope nouvo teknik pou travay la ka fèt pi vit ?
- Èske ou amelyore kalite yon pwodwi oubyen sèvis ?
- Èske ou mete lavi yon moun an valè ?
- Èske ou ogmante aptitud yon moun itilize toulejou ?

Gen plizyè pozisyon kote anlwaye travay dirèkteman ak epi pou moun - pwofesè, asistan sosyal, enfimyè, elatriye - ak sa yo akonpli ak/oubyen rezilta yo pi souvan pa mezi ki ka kalkile.

## Rezime ak plis pase yon pozisyon nan menm konpayi travay la

ANITA ADAMS  
410 North Clover Lane  
Florida, MA 00000

### PROFESSIONAL EXPERIENCE

**Berkshire County Hospital, Pittsfield, MA**  
**INFECTION CONTROL COORDINATOR** 1995 to present

- \* Expanded, reorganized and updated a clinical hospital laboratory to meet increased demand for laboratory services.
- \* Researched and developed an outpatient laboratory services program to increase lab revenue by 15%.
- \* Introduced a more efficient system for the Microbiology Department, which allowed an increase in test volume by 30%.

**LABORATORY SUPERVISOR** 1993 to 1995

- \* Reviewed and developed lab tests to be performed in house to save 20% on "sent out" expenses and increased net revenues.
- \* Created a computer billing system for all lab tests resulting in a more efficient billing system.
- \* Instituted week end coverage as well as overlapping schedules for adequate technical coverage and decreased turn-around time by 12%.

Ou gen koulye a yon lis responsabilite ak fonksyon ou te fè, ekspètiz ou te itilize, ak yon lide sou sa ou akonpli. An nou fè kèk fraz pisan sou sa ou akonpli ak MODÈL PAR LA. PAR reprezante Pwoblèm–Aksyon–Rezilta epi li akonpli ak de pwosede.

Premyèman se **pwosede refleksyon** an. Reflechi a pwoblèm ou te genyen nan travay, yon kote kote nouvo bagay te ka fè pi byen. Ekri li sou papye. Apresa sonje ki aksyon ou pran pou rezoud pwoblèm sa epi ki ekspètis ou itilize. Ekri yo sou papye. Apresa ekri rezilta aksyon ou pran yo.

**Pa egzanp →**

Pwoblèm la se te ke dosye yo te dezòganize epi yo pat pratik.

Aksyon mwen pran se te pou re-òganize dosye yon nan yon sistèm dosye nimerik. Rezilta yo se te ke mwen te ka jwenn dosye yo pi vit, sa ki ekonomize tan, ki vle di konpayi travay la ekonomize lajan.

Dezyèm pwosede a se **pwosede ekri** a ki ede ou devlope fraz sou sa ou akonpli ki pral sèvi nan rezime ou a. Ou ekri rezilta yo anvan, epi aksyon an apre. Rezilta a an jeneral se « siksè ou nan travay la » ke yon konpayi travay wè tankou yon benefis ou li. Lè wap dekri rezilta yo, panse a tèm ki ka kalkile yo : lajan ki ekonomize, ogmantasyon nan pwofit, aksyon nimerik, ak enpak aksyon ou an te gen sou moun, kote ak bagay nan tout travay la. Sou rezime a, ou pa janm ekri pwoblèm lan. Olye de sa, ekri rezilta oubyen konsekans aksyon ou an.

**Pa egzanp →**

Diminye tan nan chèche dosye ak enplemantasyon sistèm dosye nimerik.

**Yon egzanp nan pwoblèm modèl P+A+R la :**

**Pwoblèm:** Harry ap travay kòm administratè pèsonèl nan yon gwo konpayi ki gen pwoblèm jwenn moun pou angaje nan metòd andajman òdinè yo.

**Aksyon:**

- Idantifye epi analize ak anplwaye kle bezwen espesyal pou angaje moun.
- Chwazi kolèj pou rekrute anplwaye.
- Tabli yon nouvo sistèm konpitè pou kenben enfòmasyon.
- Ede devlope yon nouvo sistèm kontwòl pou agrandi efò rekrutman andeyò vizit anyèl yo.

**Ekspètiz:**

- Kominikasyon
- Kreyativite
- Administrasyon (kapasite pou pran yon pwojè epi « akonpli » li)
- Kontwòl konplè

**Rezilta:**

- Ogmante nouvo anplwaye pa 35% nan konsepsyon ak enplemantasyon yon nouvo pwogram rekrutman nan kolèj.

## Yon egzanp pou yon rezime P+A+R

### Executive Summary

Extensive experience in finance, merchandise, and information systems. Proven record of accomplishments and increased levels of responsibility in the development and implementation of operational and strategic systems. Highly skilled in developing solutions to business and technical problems, providing leadership, and working with others to achieve company objectives.

### Professional Experience

Montgomery Ward, Chicago, IL

#### **Project Manager**

**1995 - 2000**

- o Reduced initial workload from 72 outstanding projects to 21 by completing 115 projects in 18 months.
- o Developed and implemented a Stock Keeping Units level allocation system which improved promotional in-stock position by 15%.
- o Directed the development of new mark-down planning system for apparel division resulting in a 25% reduction for end-of-season markdowns.

#### **Senior Financial Analyst**

**1989 - 1995**

- o Provided financial and logistical evaluation of relocating distribution facilities which resulted in a \$35 million reduction in expense.
- o Produced financial statements for long range plan and monthly variance analysis for senior management.
- o Projected the short-term debt levels and the interest expense for \$1 billion commercial paper borrowings.

#### **Business Analyst**

**1987 - 1989**

- o As internal consultant, performed statistical evaluation of distribution facility logistics and catalog merchandise operations.

### Education

University of Illinois, M.S., Finance **1986**

University of Kentucky, B.S., Management Science **1985**

CPA qualified (Illinois) **1989**

### Technical

IBM mainframe experience in OS/MVS/XA environment. Programming experience in COBOL, SQL/DB2, Focus, SAS, Fortran and various PC packages.

Pi ba la gen lis lòty egzant modèl PAR la pou ekri fraz sou sa ou akonpli.

- 30% ogmantasyon nan vant apatide nouvo makèt.
- Redwi kantite anplwaye ki kite nan kreyasyon yon nouvo pwogram benefis pou anplwaye yo.
- Ekonomize swasant mil dola pou konpayi travay la ak yon depatman pewòl otomatik.

Wè ke chak bagay ki akonpli bay ase enfòmasyon pou konpayi travay la ka enterese. Se ekspresyon ke fraz yo pa gen enfòmasyon ki pou toumanje konpayi travay la ase pou li ka rele ou pou yon entèvyou. Remake tou ke nan chak fraz sou sa ki akonpli, rezilta yo konekte ak aksyon ak mo « ak ak » la. Eseye devlope oumwen twa fraz sou sa ou akonpli pou chak pozisyon ou te genyen. Sonje ke pou fraz sou sa ou akonpli yo efikas, fò yo prezante kalite konpayi travay la ap chèche.

Fraz sou sa ou akonpli yo ap pi pisan si ou itilize mo ki aktif pou kòmansè chak fraz. Mo aktif se vèb ki dekri ekspètiz ou itilize pou fè travay la. Fè revisyon fraz sou sa ou akonpli yo pou evalye efikasite mo ou itilize yo. Fò ou dinamik. Itilize mo aktif tankou : egzekite, desinen, kreye, men pa mo pasif tankou : rezponsab pou epi rezponsabilite yo te. Toujou rete konsistan ak konjigezon ou itilize nan rezime ou a. Chwazi swa tan pase oubyen prezan epi rete konsistan. Toutfwa, si wap ekri sou pozisyon travay ou gen koulye a, itilize tan prezan an.

**Pwennvi konpayi travay la . . .** "Lè wap fè konpetisyon ak lòt moun kap chèche travay, li enpòtan pou mete eksperyans ou an valè. Mwen fè atansyon a rezime ki byen ekri yo. An patikilye, sa ki enpresyone mwen se deskripsyon travay ki montre sa ki akonpli. Li ban mwen yon pi bon lide sou kijan aplikan an ap kontribyen nan konpayi mwen an. "

Rick Fox, Direktè resous imèn, West Lynn Creamery

Mete edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl ou. Mete kote ou tale, dat, sètifika ak diplòm ou resewa. Aksantye tout edikasyon oubyen fòmasyon espesyal ki enpòtan pou travay wap aplike a. Sèl òganizasyon ak afikasyon pwofesyonèl sa yo ki etabli yon rapò epi ki konsène pozisyon wap aplike pou li a gen pou parèt sou rezime ou a. **(Pastan prefere, enfòmasyon pèsònèl, eta sivil, ak laj pa sipoze make sou rezime ojoudwi.)** Pa make enfòmasyon sou edikasyon an seksyon eksperyans travay ou.

Pou fini, ekri REFERANS DISPONIB SOU DEMANN opsyonèl. Tou depann de preferans pèsònèl ou, konpayi travay panse ke si li pa ekri sou rezime ou a wap di yo referans ou genyen yo pandan entèvyou a.

**Pwennvi konpayi travay la . . .** "Lè mwen li eksperyans sou travay, mwen vle wè kisa ou fè san twòp pawòl. Mwen renmen wè tit ak dat anvan, epi apre non konpayi travay la ak deskripsyon rezponsabilite ou. Eksperyans travay la gen pou li koresponn ak sa map chèche. Lè mwen gen pou mwen travay pou mwen jenn enfòmasyon, mwen an jeneral kontrary ak moun kap fè aplikasyon an. "

Judith Hayes, Direktè resous imèn, Pilgrim Health Care

### **Kisa konpayi travay panse sou ki fòm rezime pou chwazi**

#### **Gen de fòm sou rezime de baz yo : KWONOLOJIK ak FONKSYONÈL**

Rezime kwonolojik la mete travay yo nan lòd, kòmanse ak dènye pozisyon travay ou te genyen epi kontinye jis nan premye a. Rezime fonksyonèl gwoupe sa ou akonpli nan zòn ekspètiz ak aptitud espesyal. Lòt fòm rezime yo se yon konbinezon de premye kalite rezime sa yo. **Pi plis konpayi travay yo jodiya pito yon rezime kwonolojik.**

Toujou kòmanse yon rezime ak non w, adrès ou, ak nimewo telefòn ou yo (nan travay epi lakay, si posib). Enfòmasyon sa a gen pou nan mitan anlè paj la epi non ou gen pou li ak **karak tè gra** pou li ka resòti. Si ou pa gen yon nimewo telefòn, chèche yon nimewo telefòn kote ou gen konfidans ke wap resevwa tou mesaj ou yo san pa pèdi twòp tan. Lèfini, gen konpayi travay ki founi sèvis telefòn pou yon ti frè.

Konpayi travay ki patisipe nan sondaj la eksplike ke yo pa renmen gwo kalite ekriti, koulè vif oubyen rezime ki gen foto sou yo. Epitou, ou pa vle rezime ki nan pòch plastik oubyen nan yon dosye. Li pran twòp tan pou jwenn rezime a. Eksepsyon an se pou yon moun kap chèche yon pozisyon maketik oubyen gwo pozisyon nan vant. Konpayi travay an jeneral dakò ke yo renmen anpil espas blan ak yon prezantasyon pwofesyonèl.

Tout twa eleman sa yo (ekri nan lòd enpòtans) ki fè plis enpresyon sou yon konpayi travay pase nenpòt rezime ou ta ke reyalize :

- Yon kontak enfliyan ki rekòmande ekspètiz ou yo, kalifikasyon ou yo ak pèsonalite ou.
- Bagay ou akonpli ak ekspètiz ki koresponn ak pozisyon an.
- Yon prezantasyon dinamik sou oumenm pou konpayi travay la.

#### **Fraz objektif ak fraz somè**

Pifò nan konpayi travay yo pa li fraz ki gen objektif. **Katreven ken z pousan konpayi travay ki kontribye nan gid sa a rekòmande pou pa itilize objektif.** Toutfwa, lè wap diskite yon objektif, konpayi travay dakò ke si wap itilize youn, fò li dirèk epi kout. Pa twò jeneral epi pa twò fèb. Tout moun vle yon pozisyon enteresan kote yo itilize ekspètiz yo. Se se pa yon bon fraz sou objektif ou. Li pi efikas si ou di okipasyon wap chèche a ak prezisyon sou endistri a.

**Objektif:** Pou gen yon pozisyon sekretè avoka nan yon kabinè avoka mobilye.

**Objektif:** Ap chèche yon pozisyon administrasyon nan yon konpayi travay san pwofi pou yon kwasans pwofesyonèl.

**Objektif:** Pou gen pozisyon administrasyon materyèl nan yon konpayi ki fabrike teknoloji avanse.

**Objektif:** Yon kontribisyon endividyèl antan ke yon moun ki pwograme sistèm/analiz nan yon anviwònman tretman done komèsyal.

Kèk konpayi travay sijere pou moun kap chèche travay enkòpore objektif yo nan yon lèt ki akonpaye. Si wap itilize yon fraz objektif, li pa nesèsè pou mete yon somè sou ekspètiz ou yo anlè rezime ou a. Sou sa ki konsène somè sou ekspètiz ou yo anlè yon rezime, konpayi travay la jeneralman dakò sou pwèn enpòtan. Si ou itilize oubyen

#### **Kèk egzanp sou fraz objektif yo →**

pa itilize somè ekspètiz ou yo se yon bagay pèsònèl. Si ou itilize youn, fè atansyon pou :

- Ou sèlman mete ekspètiz ki enpòtan pou pozisyon wap fè aplikasyon pou li a.
- Ekspètiz yo gen pou yon konekte ak travay kote yo te fèt.

Konpayi travay pa vle pou li difisil pou yo jwenn ekspètiz ou yo ak sa ou akonpli. San pousan nan konpayi travay nou kontakte di ke premye bagay yap chèche nan yon rezime se ekspètiz pèsònèl ak eksperyans yo bezwen nan de dènye pozisyon travay ou yo. Pa konfonn enfòmasyon ak pawòl long epi paragraf long. Eksplike ekspètiz ou yo ak sa ou akonpli ak mo senp. Li rekòmande pou itilize lis ki pa nimewote, fòm paragraf akseptab tou.

#### Egzanp sou yon somè ekspètiz →

**Somè:** Pwofesyonèl nan laboratwa ki gen eksperyans ak yon konesans apwofondi sou tout fonksyon administrasyon teknik nan yon laboratwa medikal.

- Enplemantasyon yon nouvo kalite sistèm ki fasilie yon metòd enspeksyon pi rapid epi pi korèk, ki rezilte nan yon ekonomi 50.000\$ pa ane.
- Kowòdine pwogram kontwòl enfeskyon nan tout lopital la, ansanm ak kontwòl ak evalyasyon tout enfeksyon yo.

Kèk moun kap chèche travay renmen itilize fraz somè anlè rezime yo. Konpayi travay yo renmen metòd sa a sèlman si wap prezante ekspètiz pisan tankou konesans hadwè ak sòfwè, tretman tèks, oubyen lèt ekspètiz espesyal. Si ou itilize yon fraz somè, fè atansyon pou ou enkòpore fraz sou sa ou akonpli ka pwouve. Bagay sa yo ou akonpli gen pou yo gen rapò ak abitud travay ou epi tou ak pozisyon travay wap chèche a.

#### Fòm kwonolojik

Konsantrasyon sou yon rezime kwonolojik se tan. Konpayi travay, lè yap gade yon rezime kwonolojik, yo voye je sou date yo an premye. Wap chèche wè konbyen tan ou travay yon kote epi si te gen twou nan eksperyans travay ou. Si eksperyans travay ou montre ke lè ou pran yon travay ou rete la pandan de twa ane, alò fòm rezime kwonolojik la se pou ou li ye.

#### **Avantaj nan itilizasyon yon rezime kwonolojik:**

- Konsantre sou eksperyans epi kantite tan nan travay
- Tradisyonèl epi pi plis akseptab nan konpayi trava

Si ou gen gwo twou nan eksperyans travay ou oubyen gen yon kantite travay nan yon ti kantite tan (mwens pase de zan nan chak pozisyon), oubyen wap chanje karyè, yon rezime fonksyonèl oubyen yon konbinezon rezime kwonolojik/fonksyonèl ka pi plis efikas.

**Pwennvi konpayi travay la . . .**"Mwen pito fòm kwonolojik alavè paske mwen wè ant 50 a 100 rezime chak jou. Mwen pa gen anpil tan, kifè, mwen chèche kandida ki gen rezime yo pi plis prezante eksperyans nap chèche koulè a pou demann nou yo ki louvè epi kap vini. Nou toujou kenbe tout rezime yo nan dosye pou pozisyon pi devan."

Deborah Kanter, Employment Manager, EMC Corporation



## Fòm kwonolojik

### Pwen enpòtan pou sonje lè wap itilize yon rezime kwonolojik :

- Detay sèlman sou dènye twa a senk pozisyon yo oubyen travay pandan dènye dis a kenx ane yo.
- Bay detay sou twa oubyen kat bagay ou akonpli nan chak pozisyon ak sa ki pi enpòtan yo nan premye mwatye rezime a.
- Montre pwomosyon, ogmantasyon nan pozisyon ak ogmantasyon nan responsabillite.
- Kenbe rezime ou an sou yon paj si posib, pa janm pi plis pase de paj (sofsi wap ekri yon kirikilòm vitaye).

Gade nan paj 19 pou yon egzanp sou yon rezime kwonolojik.

Yon rezime fonksyonèl montre sa ki akonpli, ekspètiz ak kalifikasyon nan gwoupman yo nan zòn fonksyonèl. Se yon nouvo fòm ki sou lemache a sètadi ki pa popilè tankou yon rezime kwonolojik.

### Avantaj yon rezime fonksyonèl:

- Konsantre sou ekspètiz pase sou longè tan nan travay
- Pozisyon nan chanjman nan karyè ak twou nan travay pa aksantye.

Majorite konpayi travay ki te patisipe nan sondaj la di yo pito rezime kwonolojik. An reyalye, kèk konpayi travay di yo pap menm li yon rezime fonksyonèl. Se yon gwo dezavantaj nan itilizasyon yon rezime fonksyonèl. Lè gen plis moun pase gen travay, konpayi travay yo gen pou chwazi nan pi plis moun epi sètadi gen mwens chans pou yon entèvyouve yon moun kap fè aplikasyon ki bay yon rezime fonksyonèl. Si, toutfwa, ou chanje karyè, oubyen gen twou nan eksperyans travay ou, oubyen ale nan yon travay a yon lòt, ou ka vle chwazi yon rezime fonksyonèl.

### Pwen enpòtan pou sonje lè wap itilize yon rezime fonksyonèl:

- Chwazi twa oubyen kat zòn ekspètiz jeneral.
- Itilize fraz ki montre sa ou akonple ki koresponn ak pozisyon wap fè aplikasyon pou li a epi mete yo anlè rezime a.
- Mete yon seksyon afilyasyon edikasyon/pwofesyonèl.
- Kreye yon seksyon sou eksperyans travay ki gen tit pozisyon yo, non konpayi travay la, vil, leta ak dat eksperyans travay.
- Si ou pa gen eksperyans travay oubyen yon dosye pwòp, mete eksperyans/konpayi kote ou te travay la, kite dat ou te travay yo, men pare pou pale de sa nan entèvyouve a. Mete seksyon sa a nan fen rezime a apre enfòmasyon sou edikasyon ou an. Si rezime kwonolojik la pa mache pou yo, eseye yon rezime fonksyonèl. Moun ap resevwa entèvyouve lè yon devye de fòm tradisyonèl yo. Toutfwa, gen siman lòt faktè tankou kontak nètwork oubyen kalifisyon ekspètiz inik.

Konsiltan pou asistans kèk konpayi travay ofri anplwaye yo pou pèmèt yo jwenn yon lòt travay oka yo ta lisansye ke National Business Employment Weekly (NBEW) te entèvyouve, nan yon atik bibliye nan mwa me 1990, rekòmande rezime fonksyonèl pou moun ki nan sikonstans sa yo : pwofesyonèl kap antre nan mendèv apre yo te sispann karyè yo pou elve pitit, tounen lekòl, oubyen chanje karyè. Ladann tou te gen pwofesyonèl ki te itilize ekspètiz yo nan anpil pwojè ki pa gen anyen pou wè youn ak lòt. NBEW a sijere pou itilize yon rezime fonksyonèl pou ede « montre zòn ekspètiz ak afilyasyon » lè wap konsantre sou de oubyen twa zòn ekspètiz.

Gade nan paj 19 pou yon egzanp sou yon rezime fonksyonèl.

Yon fòm ki sijere pou moun ki chanje karyè se yon rezime kwonolojik alanvè. Rezime sa a itil lè travay wap aplike pou li a mande diferan ekspètiz oubyen senpleman menm ekspètiz yo menm ak yon konsantrasyon diferan. Rezime kwonolojik alanvè a kòmanse ak fraz sou sa ou kalifye, apre sou seksyon edikasyon an epi fini ak eksperyans travay la. Fòm sa a kite yo fè maketin diferan eksperyans ou yo nan fraz sou kalifikasyon ou yo.

**Pwennvi konpayi travay la . . .**“Mwen te konnn li rezime pandan map kondwi ant randevou mwen yo. Moun kap fè aplikasyon pou travay lan gen pou li mize pou li fè yon bon enpresyon, paske mwen voye yon kout je rapid sou rezime yo pandan map kondwi. Si li gen lenpresyon li twò difisil pou li, oubyen si li gen yon prezantasyon an dezòd epi ki pa pwofesyonèl, mwen pat pèdi tan pou mwen li li, epi mwen te voye li dèyè.”

Konpayi travay anonim, Katye jeneral nan Boston

## Rezime konbinezon

Yon rezime konbinezon prèske parèy a rezime fonksyonèl, toutfw, li se yon rezime kwonolojik ki make sa moun lan akonpli nan zòn ekspètiz fonksyonèl. Enfòmasyon sa a vini anvan seksyon sou eksperyans travay la.

### Avantaj yon rezime konbinezon :

- Ofri plis fleksibilite ak kreyativite nan maketik ekspètiz ou yo.
- Ede adrese rezime ou a pozisyon travay oubyen konpayi travay presi.

Konpayi travay an jeneral gen menm enpresyon sou rezime konbinezon ak enpresyon yon gen sou rezime fonksyonèl. An jeneral, konpayi travay pi wè fraz sou sa moun lan akonpli ansanm ak pwozisyon travay byen prezanti ki koresponn ak yo. Rezime fonksyonèl ak konbinezon plase fraz sou sa moun lan akonplie nan seksyon pa yo, separe ak pozisyon travay enpòtan. Pi plis nan konpayi travay yo ki patisipe nan sondaj sa a pa renmen bagay moun akonpli ke andeyò de eksperyans travay moun lan. Moun kap chèche travay renmen itilize rezime konbinezon poutèt fleksibilite yo genyen. Ou ka pran miyè karakteristik yon rezime kwonolojik ak yon rezime fonksyonèl epi konbinen yo ansanm nan yon rezime. Si ou deside itilize yon rezime konbinezon, men kèk konsèy ak pwèn enpòtan pou sonje

- Enkli yon fraz somè anlè rezime ou an ki bay yon rezime sou sa ou akonpli ki gen rapò ak pozisyon travay ou vle a. Kantifye si posibil.
- Mete eksperyans travay ou apre, nan fòm kwonolojik la (fè atansyon pou mete dat travay yo). Konekte fraz somè ou an ak eksperyans travay ou an. Toutfw, pa repete menm enfòmasyon an.
- Swiv fòm kwonolojik la pou enfòmasyon ki rete a.

Gade nan paj 20 pou yon egzanp sou yon rezime konbinezon.

Chapit 4 nan gid la pale de kèk zòn difisil nan ekri yon rezime. Si ou enterese aprann kijan pou reprezante twou nan travay, travay volontè, anprizònman, eksperyans rete lakay okipe pitit, ti eksperyans oubyen pa anpil, oubyen enfòmasyon sou chanjman nan karyè nan rezime ou an, ale nan paj 21

## Yon egzanp pou yon rezime kwonolojik

**THOMAS B. JOHNSON**  
439 South Adams Street  
W. Bridgewater, MA 02331  
(508) 378-9999

---

**OBJECTIVE:** Manager of Credit and Collections

**EXPERIENCE:** **H. P. Hood Inc., Boston, MA**  
**CREDIT MANAGER** **1995 - 2000**

- \* Managed a credit and collection portfolio of food service, distributor, military and other government related accounts comprising a regional sales volume of \$150,000,000 and over 2,000 accounts.
- \* Contributed in reducing days sales outstanding by as much as eight days.
- \* Coordinated, organized and implemented a new set of invoicing procedures with a major school system resulting in the reduction of total payment time by 45%.
- \* Developed, designed and implemented vendor and bank credit inquiry letters.

**Quinol Industries, Inc., Quincy, MA**  
**CREDIT MANAGER** **1991 - 1995**

- \* Managed an accounts receivable portfolio of petroleum distributors and home delivery dealers throughout New England totaling over 500 accounts and an annual sales volume of \$80,000,000.
- \* Brought previous collection turns from 75 days to present average of 38 days, turning sales increase to cash in less than 40 days.
- \* Planned, negotiated and secured a four way cross corporate guarantee from a well known high volume Massachusetts based petroleum dealer.

**Emerson and Cummings, a division of W. R. Grace & Company, Norwood, MA**  
**CREDIT and COLLECTIONS SUPERVISOR** **1981 - 1991**

- \* Managed an accounts receivable portfolio of the company's Dielectric, Microwave and Flotation Divisions comprising an annual sales volume of \$30,000,000 in the electronics industry.
- \* Hired, trained and supervised a staff of six full time employees and handled 6,000 to 10,000 diversified accounts.
- \* Reduced bad debts by as much as 15% through an improved monitoring system and quicker inter-department pursuit.

**EDUCATION:** **Data Corporation, Boston MA**  
Introduction to MOS-DOS and Lotus 1-2-3

**Northeastern University, Boston MA**  
B.S. in Management with Honors

**Dun and Bradstreet, Inc., New York, NY**  
Certificate in Credit and Financial Analysis

**PROFESSIONAL AFFILIATIONS:** **New England Association of Credit Ex**

## Yon egzanp pou yon rezime fonksyonèl

**PATRICK A. JONES**  
10 Main Street  
Haverhill, MA 01830  
(508) 372-6967

**MANAGEMENT**

- \* Successfully managed 5 departments with 4 direct and 75 indirect reports within a 500,000 square foot distribution facility.
- \* Managed all operations successfully in a 22,000 square feet supermarket with 3 direct and 50 indirect reports.
- \* Managed 12 speciality stores successfully throughout Western Massachusetts.

**TRAINING/DEVELOPMENT**

- \* Trained and developed supervisors, department managers and store managers.
- \* Developed a color code system that enhanced efficiencies and productivity in the geographic shipment of merchandise
- \* Initiated customer awareness program that was instrumental in increasing store sales by 100% over a two year period.

**PRODUCTION**

- \* Widely experienced in improving worker productivity.
- \* Directed the successful start-up of two departments which increased facility volume by 20%.
- \* Established new work methods for power equipment operators which increased their productivity by 25%.

**ACCURACY CONTROL**

- \* Wrote procedures for the processing of merchandise that reduced the error rate to 50% of the established standard.
- \* Reduced complaints from store management and purchasing by 60% on the receipt of their supplies by the institution of new policies.
- \* Annually revised, monitored and assured the attainment or undercutting of departmental budgets.

**WORK HISTORY**

1997 to present **T. J. Maxx, Framingham, MA**  
District Manager

1989 - 1997 **The Farm Stand Corporation, Everett, MA**  
Processing Manager

1985 - 1989 **Big L Discount, Holbrook, MA**  
Store Manager

**EDUCATION**

**Marlboro College, New Hampshire**  
B.S. Business Administration

## Yon egzanp pou yon rezime konbinezon

GEORGE L. AMPLE, 3 Haverford Road, Southboro, MA 01456, (508) 485-9999

Extensive Materials Management experience, including Plant Manufacturing Supervision and Divisional Planning Responsibilities. Background in the start-up of domestic and international manufacturing facilities.

### EXPERIENCE

Kendall Healthcare Products Company, Mansfield, MA 1983 - 2000

MANUFACTURING MANAGEMENT-SENIOR PLANNER, 1991 to 2000

- \* Selected to a special Materials Management project team that consolidated four domestic plants with multiple technologies into a new 230m square, 1,100 employee Focused Cell manufacturing facility in Tijuana, Mexico.
- \* Directed and led with the design and implementation of the IMREX-Forecasting and Distribution Requirements Planning modules for major product lines with annual sales of \$80 million and 500 SKU's.
- \* Developed and implemented corrective action program on master production scheduling, materials requirements planning and shop floor control. Reviewed and analyzed performance to plan variance that improved customer service by 75%.

DIVISIONAL PLANNING MANAGER, Boston, MA 1986 to 1991

- \* Supervised the Sales Forecast, developed and implemented Production Plans and Master Production Schedules for two plants with a complement of 400 hourly, 100 salaried staff on a seven day production schedule.
- \* Directed the Inventory Investment of \$5 million that achieved 15 turns/year - double the industry average.
- \* Developed and implemented Capacity Resource Plans that achieve short and long range business plans.

CORPORATE MATERIALS MANAGEMENT STAFF, BOSTON, MA 1983 to 1986

- \* Administered a task force that instituted a formal methodology on Production Planning, Scheduling and Inventory Management for four weaving plants. Achieved a \$500,000 cost reduction goal.
- \* Directed and implemented sales forecast, MPS, MRP, inventory levels and distribution requirements planning for 500 SKU's representing an inventory investment of \$15 million.

### EDUCATION

B.S., Industrial Management, Southeastern Massachusetts University  
American Production and Inventory Control Society  
(Completed two modules towards certification)